



Byenveni nan ane lekòl 2023-24 la!

Chè Nouyòkè,

Mwen toujou di pa gen anyen ou ka konpare avèk mwa septanm ak premye semèn klas yo kote tout moun kontan—lè mwen vizite lekòl atravè senk borough yo, rankontre paran, epi akeyi yon lòt fwa elèv ak pwofesè.

Ane sa a pa t fè eksepsyon pandan m te fè yon toune nan vil la kote mwen te ka santi boudònman elektrisite nan lè a pandan elèv yo t ap rankontre nouvo kamarad klas yo, pwofite kiryozyite ak kreyativite yo, epi montre jeni yo ak kapasite inik yo.

Nan [P.S. 121 The Throop School](#) nan Bronx, nou selebre premye jou pwogram [NYC Reads](#), inisyativ inovasyon nou an pou asire ke tout elèv kapab li avek ezans. P.S. 121 pami lekòl k ap patisipe nan faz inisyativ sa a, ki gen nouvo kourikoulòm ki baze sou prèv ki anrasine nan “syans lekti.” Nou ajoute foniks nan enstriksyon —metòd ki bay prèv nan anseye elèv pou vin bonjan lekte.

Pwochen etap mwen se te [I.S. 192 The Linden](#) nan Queens, kote yo banm yon tou nouvo [kafeterya renove](#) a. Olye pou yo rete tann nan liy long, elèv yo te kapab pran repa yo byen vit, sa ki vin ba yo plis tan pou detann yo avèk zanmi yo. Mwenmenm, mwen te pase nan kuizin lan pou salye travayè sèvis manje yo, ki te prepare yon meni manje midi byen bon, ki te gen ladan kuis poul griye, mayi konfetti, pen-o-bè, ak salad *arugula* o-sitwon .

Yon lòt kote mwen te vizite se [P.S. 125 Ralph Bunche](#) nan Harlem, kote mwen te anime yon seyans kont istwa pou yon gwoup elèv kindergarten ki plen avèk antren.

Literacy se vrè fondasyon pou tout aprantisaj epi li esansyèl pou trase yon chemen k ap mennen elèv yo nan yon lavni ki asire. Pou asire nou garanti reyisit elèv nou yo, ane sa a m ap ranfòse misyon nou: pou ofri chak timoun yon bon demaraj... ak yon chemen klè pou yon lavni ki asire. Sa vle di yon ane akademik byen solid, pwogram espò ak arts anrichisan, manje lekòl ki gen bon gouak nourisan, salklas enklizif, ki gen sekirite ak anpil lòt bagay ankò.

Kit lavni sa a gen ladan kolèj, fòmasyon teknik, oswa aprantisaj yon metye, n ap asire tout elèv gradye avèk [yon plan pou reyalize sekirite ekonomik alontèm](#)—epi jwenn zouti, resous, ak sipò yo bezwen pou debloke tout potansyèl yo ak ouvri chak pòt opòtinite.


Ou ka jwenn enfòmasyon enpòtan ak mizajou sou règleman akademik, pwotokòl sante ak sekirite, ak plis lòt bagay ankò nan [schools.nyc.gov/bts2023](#). Pou telechaje yon lis bagay pou fè ou ka enprime pou retounen lekòl, tanpri ale sou [schools.nyc.gov/btschecklist](#).

Septanm se sèlman kòmansman sa mwen konnen ki pral yon ane lekòl vrèman eksepsyonèl. Mèsi poutèt ou chwazi Lekòl Leta Vil Nouyòk. Mèsi pou kolaborasyon w. Mwen kontan anpil pou tout bagay nou ap akonpli ansanm ane sa a.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

VEDEYO AKTYALITE NOU AN



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).